

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar 3 hal, nyaéta (1) kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun, (2) implikasi panalungtikan, jeung (3) saran pikeun panalungtikan anu baris dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Kasang tukang ieu panalungtikan didadasaran ku kurangna kamampuh masarakat dina maham ma'na gaya basa, geus langkana masarakat dina maké gaya basa, jeung kanyataan yén panalungtikan gaya basa anu medar wangun jeung adegan gaya basa can kungsi aya. Dumasar kana kasang tukang masalah nu nyampak, tujuan dilaksanakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun ngeunaan wanda, wangun, adegan jeung ma'na gaya basa anu nyampak dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018. Pikeun ngahontal tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun métodé déskriptif kalayan pamarékan kualitatif. Dumasar hasil analisis jeung pedaran data anu kapaluruh dina bab IV, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti kieu.

Kahiji, dumasar hasil analisis data tina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018 kapaluruh aya 133 data gaya basa anu satuluyna dipasaing-pasing dumasar wandana. Wanda gaya basa anu kapaluruh dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018 jumlahna aya 10 wanda, nyaéta ngumpamakeun, lalandian, mijalma, ngasor, rautan, rarahulan, kadalon, ébréhan, kahanan, jeung silib. Tina hasil analisis, wanda gaya basa ngumpamakeun mangrupa gaya basa anu panglobana kapanggih jumlahna aya 43 data gaya basa. Éta hal lantaran dina eusi téks dongéng loba ngabandingkeun hiji hal jeung hal séjén maké kecap panyambung *asa*, *jiga*, *kawas*, *lir*, jeung *sig*. Tapi aya ogé gaya basa ngumpamakeun anu henteu maké ciri kecap panyambung. Gaya basa séjénna saperti lalandian kapanggih 40 data, rarahulan aya 21 data, mijalma aya 13 data, kahanan aya 5 data, kadalon aya 4 data, ébréhan aya 3 data,

rautan aya 2 data, jeung wanda anu pangsaeutikna nyaéta silib jeung ngasor aya 1 data.

Kadua, data gaya basa dina téks dongéng miboga wangun. Aya dua rupa wangun gaya basa anu kapanggih dina ieu panalungtikan. Wangun anu kahiji nyaéta gaya basa winangun frasa jumlahna aya 26 data. Wangun anu kadua nyaéta gaya basa winangun klausa jumlahna aya 107 data.

Katilu, data gaya basa anu kapaluruh dina téks dongéng jaba ti miboga wangun, ogé miboga adegan. Adegan anu kapanggih dina ieu data gaya basa aya dua, nyaéta adegan gaya basa winangun frasa jeung adegan gaya basa winangun klausa. Data gaya basa anu miboga adegan frasa, miboga polana séwang-séwangan. Anu kagolong kana frasa atributif miboga pola Pus + Atr jumlahna aya 7 jeung pola Atr. + Pus. jumlahna aya 1. Gaya basa adegan frasa koordinatif kalayan pola Pus. + Pus. jumlahna aya 6. Gaya basa adegan frasa diréktif miboga pola Dir. + Aks. jumlahna aya 11. Gaya basa adegan frasa rélatif polana Rél. + Aks. jumlahna aya 1. Ari gaya basa nu kagolong kana adegan klausa kabagi jadi 2 rupa, nyaéta adegan gaya basa winangun klausa bébas jeung adegan gaya basa winangun klausa kauger. Adegan gaya basa winangun klausa bébas kapanggih 9 pola, anu 2 pola di antarana miboga subpola deui. Kahiji pola C + J, Vokatif kapanggih aya 2 data gaya basa. Kadua, pola J + C kapanggih aya 18 data gaya basa, pola C + J kapanggih aya 1 data gaya basa. Katilu, pola J + C + U kapanggih aya 1 data gaya basa. Kaopat, pola J + C + P kapanggih aya 4 data gaya basa. Kalima, pola J + C + K kapanggih aya 1 data gaya basa, pola J + K + C kapanggih aya 1 data gaya basa, jeung pola K + J + C kapanggih ya 1 data gaya basa. Kagenep, pola K + C + P kapanggih aya 1 data. Katujuh pola C kapanggih aya 1 data gaya basa. Kadalapan, pola C + U kapanggih aya 2 data gaya basa. Kasalapan, pola C + P kapanggih aya 51 data gaya basa. Ari adegan gaya basa winangun klausa kauger kapanggih aya 8 pola, anu 2 pola di antarana miboga subpola deui. Kahiji, pola K. Pny. + J + C kapanggih aya 5 data gaya basa, jeung pola K. Pny. C + J kapanggih 1 pola. Kadua, pola K. Pny. + J + C + U kapanggih 2 data gaya basa. Katilu, pola K. Pny.. + J + C + P kapanggih aya 1 data gaya basa. Kaopat, pola K. Pny. + C kapanggih aya 4 data gaya basa. Kalima, pola K. Pny. + C + U kapanggih 5 data gaya basa. Kagenep, pola K. Pny. + C + P kapanggih aya

2 data gaya basa. Katujuh, pola K. Pny. + C + K kapanggih aya 2 data gaya basa. Kadalapan, pola K. Pny. + C + J + K kapanggih aya 1 data gaya basa.

Kaopat, data gaya basa anu kapaluruh tangtu miboga ma'na. Ma'na gaya basa nyoko kana sumber babandingan babasan jeung paribasa. Éta hal lantaran saenyana ungkara gaya basa téh mangrupa babasan jeung paribasa. Ma'na gaya basa sasaran anu kapanggih téh aya tilu rupa, nyaéta sasaran mijalma jumlahna aya 2, sasaran mituwuhan aya 2, jeung sasaran miindra aya 3. Ma'na babandingan ngaran awak sakujur frékuénsina aya 28, ma'na babandingan ngaran sasatoan aya 20, ma'na babandingan ngaran tutuwuhan aya 14, ma'na babandingan ngaran kaayaan alam frékuénsina aya 25, jeung ma'na babandingan ngaran barang frékuénsina aya 39.

Dumasar kana sababaraha pedaran di luhur, bisa dicindekeun yén téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018 loba nyampak gaya basa. Éta gaya basa bisa jadi référénsi masarakat pikeun maham gaya basa, sarta ngabiasakeun diri pikeun maké deui gaya basa minangka mamanis basa. Éta hal lantaran dongéng mangrupa hiji karya sastra anu pangdeukeutna jeung masarakat, nyoko kana eusina anu nyaritakeun asal-usul wewengkon di sabudeureunna.

5.2 Implikasi

Data anu kapaluruh dina ieu panalungtikan miboga implikasi pikeun sawatara widang. Anu kahiji pikeun widang paélmuan, ieu panalungtikan bisa ngajembaran kamekaran élmu pangaweruh dina widang stilistika patali jeung gaya basa, widang semantik patali jeung ma'na, jeung widang sintaksis patali jeung wangun katut adegan. Kadua pikeun référénsi masarakat dina mikaweruh gaya basa. Katilu pikeun widang atikan, ieu panalungtikan bisa numuwuhkeun karep siswa pikeun mikaweruh gaya basa, jeung bisa méré informasi sarta ngajembaran pangaweruh guru dina prosés pembelajaran gaya basa di sakola.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna ieu panalungtikan ngeunaan gaya basa dina téks dongéng pasanggiri tingkat Kabupatén Sukabumi taun 2018, aya rékoméndasi anu baris ditepikeun. Dipiharep pikeun panalungtikan satuluyna bisa leuwih jembar

pikeun ngulik gaya basa dipatalikeun jeung widang paélmuan séjén anu can kaguar dina ieu panalungtikan.